## КЕРЛАЧУ ШАРЦА – 2023

## гр. «Ангелочки»

**Д1ахьошверг:**

Де, дика дойл шу тхан хьоме бераш!

Лераме, белхан накъостий!

Марша дог1ийл шу!

Бераш! Вайн таханлера цхьанакхетар д1адолош, шу даггар декъал дан леар ду сун керлачу шарца!

Иштта шун пурбанц, сай белхан накъостий декъал бо ас!

Дала вай цхьанакхетар беркате дойла! Вайн хазчу махкахь маьрша долуш, ирсе долуш даиманна дахар хуьлитийл вайн. Дал декъал дойл шу!

Бераш, шун тахана хьовса а, ладог1а аьтто хир бу оха тахана шуна кечдина долу Керла шо даздаран, хелхаршка а, байташка, эшаршка оьрсийн а, нохчийн а маттахь долу!

Бераш, эшаршца а, байташца вайн оьздачу халхаршца т1е оьцар ду вай, Керла шо!

Шу кийч дуй ладог1а а, хьовса а, вайн самукъанечу гуламе?

**Д1ахьошверг:**

**Берийн байташ: йолур ю самукъане суьйре! (1-дакъа)**

**Х1инца бераш, вай ладог1 аьтто хир бу юкъерчу группер кхиархочуьнга Даудова Аминег. Цо вайн хозийтар ю Керла Шо аьлл йолу эшар, вай Нена маттахь!**

**Исп: Песня «Новый год» Амина Даудова!**

**Д1ахьошверг:**

Кхолламо кховдийна Керла шо,
Г1ург1езах кечделла го.
Бетта са,седарчий,лайн чимаш,
Ловзарехь нур лепа до.

Бераш! Ирсе хуьлда шун массера а Керла шо! Да-нана шух даккхий деш, аша шай говзаналш гойтуш, ишт берийн бешахь, кхиамашца самукъа док-кхуш, диканца дехийла шу Керлачу шарахь! Ткъа х1инца

**Бераш, шу хьовса аьтто хир бу к1ентий тобанан хелхаре! «Гномики»**

**Д1ахьошверг:**
Бераш, шун х1умма а хезий?

**(Дети)** Ца хеза!

Сунам набарн вижан цхьаммо хар деш сан ма хетло, дик ладохал массара юху?

**(Дети)** Х1аь, х1инц хаьло!

**Д1ахьошверг:** Берш, там бар вайг Г1ура Дада веан хил, дер ез со вайн ц1ин чу хьаж!

Ой! Г1ура Дада, хьо вац из?

**Г1ура Дада:** Ву..! Со ву..!

Берийн бешахь Керла шо даздаран гулам бу аьл хезан лоьхуш… к1ад вел.. охь хианчохь.. наб озийн хилла сун. Со мичхьа кхечна? хьен х1усаме кхаьчна?

**Д1ахьошверг:** Г1ура Дада, хьо Соьлжа Г1алар Лоьмар №50 йолчу берийн беш кхечна.

**Г1ура Дада:** Ой.. Ахь бокьал бохий..?

Ой.. Х1ар ма хаз болх бу..! Бераш, де дик хил шу..! Т1кьа шу ма хаз гулделла.. шу ма хаз берш ду.. ма дик бераш ду.. шун духарш ма ша тайпа сирла а, самукьане а ду..

**(Бераш)** Де, дика хьа хил Г1ура Дада, марша вохийл хьо тхан берийн беш!

**Г1ура Дада:**

Ма хаза, сирла кьегин х1усам ю х1ар, ма тайна сирла кечйийн базалг ю!

Бераш, Дал декьал дойл шу Керлачу шарца, дукх дехийл шу, шай Дена а, Нанна а, муьт1ахь долуш, шайн дахарехь хаз кхиьмаш хуьлш! (Амин)

**Д1ахьошверг:**

Г1ура дада, охьахаий са до1.. бехха некь бина ахь берийн беш кхача леьш, хьо к1ад велла хир ву, т1кьа вайн бераш шеш хьун кечйин йолу байташ хозийтур ю хьун!

**Г1ура Дада:** Ч1ог1.. дик хир ду!

**Берийн байташ (2-дакьа)**

**Исп: Песня «Маленькой елочке холодно» вместе с Дед-Морозом в хоровод!**

**Г1ура Дада:** Бераш, шу ма г1ийла хета суна, шу самукь долуш ма дац, шун х1умам ца хилла?

**Д1ахьошверг:** Г1ура Дада, бераш лайн аьзни мичахь ю бохш хаьттарш до, цун г1айг1ане бу уьш.

**Г1ура Дада:** Аааа…! и дар из? Бераш, со ма виц велл хилла, шух самукьа дялла Лайн Аьзни, Дадийн йо1, йицйина ма хилла асам.

Лайн Аьзни, Лайн Бабиц, шу совг1атш лар деш д1ооо, хьуьнхахь йитин ас, Лайн аьзни, соьг ла доьхш хир ю, со и хьа яло чехк новкь волу, шун совг1аташ хьа дохьш, мегар дуй бераш? Дик 1елаш!

**Эшаран совг1ат: (Белые снежинки)**

**Д1ахьошверг:** Дуьненна 1аламо
хаздина
Д1ахоьтти даздаран той.
Дайн, нанойн, берийн сий дина

Даггара декъал бо вай!

1аьржа буьйса серла яьлла,
Доццу шехьа бетта са.
Шира шо ду новкъа даьлла,
Вайх дIа къаьсташ бертаза.

Денош луьстуш тIадамех.
Шо дIа доьду, шо тIе догIу,
Къаста ца луш адамех.

КетIа кхаьчна ГIура-Дада,

**Лайн аьзни:**

**Г1ура Дада:** Тхо схьакхечи берш, ла дуьйг1уш дарий шу тхойг?

**Берш:** Дара..!

**Лайн Аьзни:**

Де, дик хийл шу хьоме берш! Шум хаз 1аш ма хилла, Г1ура Дадас, ма бохха! Соь еьна Керлачу шарца шу декьал да! Дал декьал дойл шу бераш, дик бераш хиллаш, Дас а Нанас а бохург а делаш! Берш, аш суна хелхаран совг1ат кечдина олш хезнер сун бакь дуй из?

**Дети:** Ду..!

**Лайн Аьзни:** Мегар ду т1акх со кийч юкх шун, хелхаран совг1ате хьаж, шу дуй кийч са совг1ат хьа дал?

**Берш:**Ду..!

**Зудберийн тобанан хелхар: (Забавы)**

**Лайн Аьзни:**

Иллеш ала, хелхадовла
Дегнаш дахарх Іабаде.
Дуьхьал кхеттарг шайна новкъахь
Дезчу денца декъал ве.

**Рог1ера хелхаран бал Танец Дедушки со Снегурочкой**

**Г1ура Дада:** Ч1ог1а самукьа дяккхи аш тхан берш. Елка, серла а яьлла, сирла кьегийна го сун, Т1кьа из х1ун бохарг ду хаий шун? Шун совг1аташ д1ало хан билгал яьлла бохург ду из! Лайн аьзниг г1о дойтуш, шун совг1аташ д1а а делла Сой, Лайн Аьзний луларчу берийн беш г1ур ду , уьш Керлачу Шарца, декьал а беш!

Шу кийч дуй совг1аташ д1а эца?

**Бераш:** Ду…!

**Совг1аташ д1а декьар:**

**Г1ура Дада:** Берш ас юху а даггара декьал до шу кху т1е дог1учу Керлачу шарца! Дал декьал дойл шу, Дала иманчохь кхиьадойл шу!

**Лайн Аьзни:** Берш, юх шарахь дахк мегар дуй тхо шу долче хьошалх?

**Берш:** Мегар Ду..!

**Лайн Аьзни:** Ишт хаз духаршци, Иллешци, эшаршци, самукьане халхаршци, т1е лоцар дуй аш тхо?

**Бераш:** Ду..!

**Лайн Аьзни:** Мегар ду х1ет... ишт хаза долш.. дики долуш, Дала, дукха дах дойл шу. Марш 1ойла шу..!

**Д1ахьошверг:** Шун баркал ду кьестин тха берашкар Г1ура Дада, Лайн Аьзни! Марша г1ойла шу!

**Лезгинка по желанию детей (Парные танцы)**

**Д1ахьошверг:** Берш, вай таханлер самукьне Керла Шо, даздарца цхьанакхетар цу т1ехь чекх дели, ладог1арна, хьовсарна баркал ал леь массарна. Керлачу шарахь, вайн хазчу Махкахь, маьрша долш г1оза а, дика а, даха Дала, пурба лойла вайн. Вайн Мохк а, вайн Кьам а, т1ем балех, лазаран балех Дала, диканц хьалх докхийл. Вайн х1ар маршо латтош волу вайн Паччахь Дала 1алаш войл. Дел рез хийл! 1одика йойла,марша 1ойл!

**БЕРИЙН ХЕЛХАРАН БАЛ:**

**КЕРЛАЧУ ШАРЦА – 2023**

**«Берийн Беш № 50»**

**Гр. «Ангелочки»**

